

## POLITIK AK PWOSEDI

<b>Politik # GA-018-125</b>	<b>Non Politik la: Politik pou Voye Bòdwo epi Kolekte Peman ki sou Kont Pasyan an</b>	<b>Paj 1 sou 6</b>
<b>Mànyèl:</b> Administrasyon Jeneral		<b>Seksyon:</b> Sèvis Kontabilite Pasyan
<b>Kòmanditè:</b> Vis-Prezidan Egzekitif Direktè Finansye		<b>Dat Kòmansman:</b> 05/1995
<b>Distribisyon : Pou Tout Sistèm nan</b>		
<b>Moun ki Apwouve a: Vis-Prezidan Operasyon Finansye</b>		
<b>Dat Revizyon</b>	10/2000, 10/2002, 10/2008, 06/2016, 07/2018	
<b>Dat Egzamen</b>	06/2016, 08/2018, 08/2020	

### I. Objektif:

- A. Prezante kisa Broward Health pral fè pou kolekte lajan nan ka pasyan ki pa gen asirans yo e kidonk nou konsidere kòm pasyan ki sou pwòp kont pa yo, pa peye sa yo dwe pou swen medikal.
- B. Jan nou deklare I nan dokiman sa a, Broward Health pa pral pran mezi ekstrawòdinè pou kolekte lajan (jan tèms sa a defini pi ba a) nan men moun pou jwenn peman pou swen anvan nou fè efò rezonab pou konnen si moun nan kalifye pou èd finansye pou ijans ak lòt swen ki nesèsè medikalman dapre Politik sou Pwogram Èd Finansye (Financial Assistance Program Policy, FAP) Broward Health la.

### II. Politik:

Nou aplike politik sa a epi n ap administre li annakò estrik avèk Seksyon 501(r)(6) nan Kòd Revni Entèn 1986 la, jan li amande a, ak Règleman Trezò Seksyon 1.501(r)-6. Tout kondisyon jeneral ki isit la enkòpore pa referans nan politik sa a kòm si yo prezante an totalite isit la.

### III. Definisyon:

“AGB” vle di montan yo jeneralman bay bòdwo pou li an pou swen ijan oswa lòt swen ki nesèsè medikalman pou moun ki gen asirans.

“Peryòd Demann” vle di peryòd kote Broward Health dwe aksepte epi okipe yon demann èd finansye dapre FAP li an ke li resevwa nan men yon moun pou li kapab fè efò rezonab pou konnen si moun nan kalifye pou èd finansye dapre politik la. Però Demann nan kòmanse nan dat nou bay swen yo epi li fini nan sa ki pi ta a ant 240<sup>yem</sup> jou a apre nou bay premye relve bòdwo apre egzeyat pou swen yo oswa omwen 30 jou apre Broward Health fin bay moun nan yon avi ekri ki tabli dènye delè pou apre sa yo gen dwa kòmanse ECA yo.

“ECA” vle di pran mezi ekstrawòdinè pou kolekte lajan (extraordinary collection actions) – yon lis aktivite pou kolekte lajan jan Sèvis Enpo sou Revni Ameriken an (Internal Revenue Service) ak Trezò Ameriken an (U.S. Treasury) defini ke òganizasyon swen medikal yo kapab mennen

**POLITIK AK PWOSEDI**

<b>Politik #: GA-018-125</b>	<b>Politik pou Voye Bòdwo epi Kolekte Peman ki sou Kont Pasyan an</b>	<b>Paj 2 sou 6</b>
------------------------------	---	--------------------

kont yon moun pou jwenn peman pou swen sèlman *apre* yo fin fè efò rezonab pou konnen si moun nan kalifye pou èd finansye dapre FAP a. Pami ECA kont yon moun gen ECA pou jwenn peman pou swen kont tout lòt moun ki aksepte oswa ki oblije aksepte responsab pou swen moun nan. Men kèk egzanp ECA:

- Sezi pwopriyete yon moun
- Kòmanse yon aksyon sivil kont yon moun
- Sezi kont bankè oswa nenpòt ki lòt pwopriyete pèsonèl yon moun
- Sezi lajan yon moun touche
- Vann dèt yon moun bay yon lòt pati
- Rapòte enfòmasyon defavorab sou moun nan bay ajans evalyasyon kredi konsomatè yo.

“FAP” vle di Politik sou Èd Finansye Broward Health la.

“Moun ki Kalifye pou FAP” vle di yon moun kalifye pou èd finansye dapre Politik sou Èd Finansye Broward Health la.

**IV. Pwosede pou Voye Bòdwo epi Kolekte Peman ki sou Kont Pasyan an**

Broward Health pral fè efò rezonab pou ede epi konnen si yon moun ki responsab pou peman kalifye pou èd finansye dapre FAP a (jan sa dekri nan Pati V. politik sa a) epi l ap ede tou pou enskripsyon nan tout pwogram asirans ki gen finansman lokal, eta oswa federal ki disponib. Sepandan, si nou detèmine moun nan pa kalifye pou èd finansye dapre FAP a men sa ki gen dwa rive:

- a) Tout moun ki pa kalifye pou FAP a k ap resevwa swen nan nenpòt ki lokal Broward Health pral resevwa bòdwo pou pri total swen sa yo.
- b) Broward Health pral kominike avèk moun ki pa kalifye pou FAP yo epi ki gen balans yo dwe sou kont yo konsa:
  - i. N ap voye lèt pou kolekte lajan ak rapèl dèt pou kenbe moun yo okouran balans yo dwe sou kont yo. Severite mesaj rapèl la ap depann de laj ak estati peman kont la.
  - ii. Reprizantan Broward Health yo gen dwa kontakte pasyan yo pa telefòn tou pou eseye mete moun yo okouran balans yo dwe sou kont yo epi kolekte nan balans yo dwe sou kont yo.
  - iii. Y ap voye bòdwo detaye pou moun yo sou demann oswa si sa nesèsè.

**V. Mezi Ekstrawòdinè pou Kolekte Lajan (ECA)**

- a) Broward Health p ap pran ECA anvan li fè efò rezonab pou konnen si yon pasyan kalifye pou èd finansye pou swen yo dapre FAP a.
- b) Pami ECA Broward Health kapab antreprann yo gen:

**POLITIK AK PWOSEDI**

<b>Politik #: GA-018-125</b>	<b>Politik pou Voye Bòdwo epi Kolekte Peman ki sou Kont Pasyan an</b>	<b>Paj 3 sou 6</b>
------------------------------	---	--------------------

1. Aksyon ki egzije pwosesis legal oswa jidisyè ki gen dwa mennen yo sezi pwopriyete pèsònèl, fè jijman oswa sezi lajan yon moun touche.
2. Rapòte enfòmasyon defavorab bay ajans evalyasyon kredi konsomatè yo.
3. Kòmanse yon aksyon sivil kont yon moun.

**VI. DETÈMINASYON KALIFIKASYON POU ÈD FINANSYE ANVAN ECA**

- a) Broward Health pral fè efò rezonab pou konnen si moun yo kalifye pou èd finansye dapre FAP a. Nan objektif sa a, Broward Health pral mete moun yo okouran FAP a anvan li kòmanse ECA pou jwenn peman pou swen yo epi li p ap kòmanse ECA sa yo anvan omwen 120 jou apati de dat Broward Health bay premye relve bòdwo pou swen yo apre egzeyat.
- b) Nan ka yon moun soumèt yon demann pou FAP ki pa konplè pandan peryòd demann nan, Broward Health pral fè moun nan konnen kijan pou li ranpli demann pou FAP a epi l ap sispann tout ECA pandan yon tan rezonab pou pèmèt moun nan ranpli epi re-soumèt demann pou FAP a.
- c) Broward Health pral pran mezi ki annapre yo omwen 30 jou anvan li kòmanse omwen yon ECA kont yon moun pou jwenn peman pou swen:
  1. Bay moun nan yon avi ekri ki montre gen èd finansye ki disponib dapre FAP a pou moun ki kalifye yo, idantifye ECA Broward Health (oswa yon lòt pati ki gen otorizasyon) gen lide pran pou jwenn peman pou swen yo, epi bay yon dènye delè kote apre sa yo gen dwa pran ECA sa yo ki pa pi piti pase 30 jou apre dat yo bay avi ekri an.
  2. Bay moun nan yon rezime FAP a ki ekri an lang senp ansanm avèk avi ekri nou dekri pi wo a.
  3. Fè efò rezonab pou mete moun nan okouran avivwa de FAP a epi eksplike kijan moun nan kapab jwenn èd pou pwosesis demann pou FAP a.
- d) Si Broward Health mete ansanm bòdwo yon moun genyen ki poko peye pou plizyè ka swen anvan li pran omwen yon ECA pou jwenn peman pou bòdwo sa yo, li p ap pran ECA a(yo) anvan 120 apre li te bay premye relve bòdwo apre egzeyat pou dènye ka swen ki nan gwoup la.

**VII. TRETMAN DEMANN POU FAP YO**

Broward Health pral okipe demann pou FAP yo konfòmman ak dispozisyon ki pi ba yo.

1. Si yon moun soumèt yon demann ranpli pou FAP pandan Peryòd Demann nan, Broward Health pral:
  - a. Sispann tout ECA kont moun nan (pou dèt demann pou FAP ki anba egzamen an gen pou wè avèk yo);
  - b. Detèmine si moun nan kalifye pou FAP epi mete moun nan okouran alekri detèminasyon sou kalifikasyon an ak sou kisa detèminasyon sa a baze.

**POLITIK AK PWOSEDI**

<b>Politik #: GA-018-125</b>	<b>Politik pou Voye Bòdwo epi Kolekte Peman ki sou Kont Pasyan an</b>	<b>Paj 4 sou 6</b>
------------------------------	---	--------------------

- c. Si Broward Health vin wè moun nan kalifye pou FAP, Broward Health pral pran mezi ki annapre yo:
  - i. Fè moun nan konnen pa ekri li gen 100% èd finansye pou ijans ak lòt swen ki nesèsè medikalman ansanm avèk kopeman ki ale avèk yo.
  - ii. Remèt moun nan tout montan li te peye pou swen yo (keseswa bay lopital la oswa nenpòt ki lòt pati lopital la te voye oswa te vann dèt moun nan pou swen yo) ki depase montan yo jwenn moun nan responsab peye a kòm moun ki kalifye pou FAP, sòf si montan sa a pi piti pase \$5 (oswa yon lòt montan ki pibliye nan Bilten Revni sou Enpo Ameriken an (Internal Revenue Bulletin)).
  - iii. Pran tout mezi rezonab ki disponib pou anile tout ECA yo te pran kont moun nan pou jwenn peman pou swen yo.
- d. Si, lè li fin resevwa yon demann ranpli pou FAP nan men yon moun Broward Health panse moun nan gen dwa kalifye pou Medicaid, Broward Health gen dwa egzijè pou pasyan an fè demann epi respekte pwosesis Kalifikasyon pou Medicaid la. Si li pa fè demann nan epi respekte pwosesis Medicaid la si li obligatwa sa gen dwa lakòz moun nan pa kalifye pou èd finansye dapre FAP a.

**2. Lè yo Soumèt Demann pou FAP ki Pa Konplè**

Si yon moun soumèt yon demann pou FAP ki pa konplè pandan Peryòd Demann nan, Broward Health pral

- a. Fè moun nan konnen demann pou FAP a pa konplè epi eksplike kijan pou li ranpli demann pou FAP a.
- b. Sispann tout ECA kont moun nan (pou dèt demann pou FAP ki anba egzamen an gen pou wè avèk yo);
- c. Bay moun nan yon avi ekri ki dekri lòt enfòmasyon ak/oswa dokimantasyon ki nesèsè yo dapre FAP a oswa fòmilè demann pou FAP moun nan dwe soumèt la bay Broward Health pou konplete demann pou FAP li an.
- d. Si yon moun ki soumèt yon demann pou FAP ki pa konplè pandan Peryòd Demann nan konplete demann pou FAP a apre sa pandan Peryòd Demann nan (oswa, si li fè l pi ta, anvan yon peryòd 30 jou yo ba li pou reponn demann pou plis enfòmasyon ak/oswa dokimantasyon) y ap konsidere moun nan soumèt yon demann pou FAP konplè pandan Peryòd Demann nan.

**POLITIK AK PWOSEDI**

<b>Politik #: GA-018-125</b>	<b>Politik pou Voye Bòdwo epi Kolekte Peman ki sou Kont Pasyan an</b>	<b>Paj 5 sou 6</b>
------------------------------	---	--------------------

**VIII. DISPOZISYON DIVÈS**

- a) **Règ Kont Abi** – Broward Health p ap apiye detèminasyon li fè yon moun pa kalifye pou FAP sou enfòmasyon Broward Health gen rezon pou kwè li pa sèten de yo oswa yo pa kòrèk oswa sou enfòmasyon li jwenn nan men moun nan gras a presyon oswa pratik kaponnay.
- b) **Pa Gen Renonse a Demann pou FAP a** – Broward Health p ap eseye fè ankenn moun siyen pou di li pa swete mande èd dapre FAP a, oswa resevwa enfòmasyon ki dekri pi wo a, pou detèmine moun nan pa kalifye pou FAP.
- c) **Otorite Final pou Detèmine Kalifikasyon pou FAP** – Otorite final pou detèmine Broward Health fè efò rezonab pou detèmine si yon moun kalifye pou FAP e kidonk gen dwa pran ECA kont moun nan, chita nan men Inite Èd Finansye Santral la (Central Financial Assistance Unit, CFAU).
- d) **Akò avèk Lòt Pati** – Si Broward Health vann oswa voye det yon moun pou swen bay yon lòt pati, Broward Health pral siyen yon akò ekri avèk pati an ki angaje yo devan lalwa epi ki fèt pou garanti yon fason rezonab yo p ap pran ECA pou jwenn peman pou swen yo toutotan pa gen efò rezonab ki fèt pou konnen si moun nan kalifye pou FAP pou swen yo.
- e) **Dokiman Elektwonik** – Broward Health gen dwa bay avi oswa kominikasyon ekri ki dekri nan politik sa a pa mwayen elektwonik (paregzanp, pa imèl) pou yon moun ki di li pito resevwa avi oswa kominikasyon ekri an pa mwayen elektwonik.
- f) **Swen ki Nesesè Medikalman**- Broward Health p ap voye pou pi ta, ni refize, ni egzije yon peman anvan li bay yon moun swen ki nesesè medikalman poutèt ansyen bòdwo ki pa peye.
- g) **Plan Peman**- Tout moun ki pa kalifye pou FAP ki pa gen asirans kalifye pou plan peman oswa pou yon rabè sou balans ki pa kalifye yo pou FAP.

**IX. ENFÒMASYON POU KONTAKTE LOPITAL LA**

Broward Health Medical Center  
(954)355-5442  
1600 S Andrews Ave  
Fort Lauderdale, FL 33316

Broward Health North  
(954) 786-6589  
201 E Sample Rd  
Deerfield Beach, FL 33064

Broward Health Imperial Point  
(954) 776-8708  
6401 N Federal Highway  
Fort Lauderdale, FL 33308

Broward Health Coral Springs  
(954) 344-3006  
3000 Coral Hills Drive  
Coral Springs, FL 33065

**X. Politik ki Anrapò yo**

**GA-018-055- Politik sou Pwogram Èd Finansye a**

**XI. Règleman/Estanda**

Seksyon 501(r)(4) nan Kòd Revni Entèn nan

**POLITIK AK PWOSEDI**

<b>Politik #: GA-018-125</b>	<b>Politik pou Voye Bòdwo epi Kolekte Peman ki sou Kont Pasyan an</b>	<b>Paj 6 sou 6</b>
------------------------------	---	--------------------

**XII. Referans**

F.S. 409.911(1)(c)

Kòd Revni Entèn §§ 501(r)(4) (politik sou èd finansye); 501(r)(5) (limitasyon sou bòdwo); ak 501(r)(6) (kondisyon pou bòdwo ak koleksyon) (ak Règleman Trezò ki pibliye selon yo)

**Administrasyon ak Entèpretasyon**

Administrasyon ak entèpretasyon politik sa a se responsabilite Vis-Prezidan Egzekitif Direktè Finansye a.